КЕРЛАНАШ

# Нохчийчоьнан куьйгалхочун харжамашкахь дакъалаца официалехь хьалхатеттина Кадыров

Товбеца-бутт 06, 2026



Кадыров Рамзан

Йуха а дакъалоцур ду Кадыров Рамзана Нохчийчоьнан урхалхочун харжамашкахь, цуьнан кандидатура къобалйина "Цхьааллин Оьрсийчоь" партино. ХIара 19 шо а ду Кадыров Нохчийчоьнан куьйгаллехь волу, кху шарахь дуьххьара партин лидершлахь волчуьра дуьххьара дIаваьккхира иза.

Карарчу хенахь мехкан урхаллехь волу иза кху шеран гезгамашин-баттахь дIахьонболчу харжамашкахь дакъалаца хьалхататтархь дIахьедира мехкан премьер-министро Даудов Мохьмада. Хьалхо цуьнан кандидатура къобалйира ишта президенто Путин Владимира а.

ХIинццалц хиллачу харжамашкахь а толам боккхура Кадыровс. 2016-чу шарахь, официалан хаамашца, 98% харжамхоша кхаьжнаш теснера цунна; 2021 шарахь 99,7%. Цу йукъана регионехь бозуш боцу тергамхой бац, Iедалша дIахьедо цуьрриг а низам дохийна меттиг боцуш, кхаьжнаш туьйсу бохуш. Ткъа бюджетан белхахой а, эскархой а декхаре бо кхерамаш а туьйсуш кхаьжнаш тийса, эксперташа дIаккхийкхадо харцонаш лелорах кхаьжнашца. 2024-чу шеран зазадокху-баттахь, президентан харжамаш боьлхуш, Iедалан белхахой масийттазза автобусашца харжамийн каппашка кхачабора йух-йуха кхаж тасийта.

- 2025-чу шеран дечкен-баттахь Кадыров Рамзан а воцуш дIайаьхьира Москвахь урхаллин партино шен съезд. Официалан боцчу хаамашца, мехкан урхалхо дарба доцу лазар токхуш ву, амма цо ша и бакъ ца до. Москвахь урхаллин партино шен съезд. Официалан боцчу хаамашца, мехкан урхалхо дарба доцу лазар токхуш ву, амма цо ша и бакъ ца до.
- Карарчу хенахь 49 шо долу Кадыров Рамзан цомгуш ву бохуш, тIечIагIбанза хаамаш баьржина лела 2019-чу шарахь дуьйна. 2023-чу шеран гезгамашин-баттахь цуьнан критикаша чIагIдора, иза кхетамчуьра ваьлла бохуш. Стохка бIаьста «Новая газета Европа» газето йаздира, нохчийн куьйгалхо "панкреатикан некроз" йолуш веха масех шо ду аьлла. Цу хаамашна йуккъехула Кадыровс масийттазза зорбане йохура, ша могуш хиларх тоьшалла дан гIерта видеош. Цу Iалашонца тайп-тайпана спортан упражненеш йо цо. Кадыровс бохура, хIора кхо бутт мел болу "капремонт" йо.
- "Цхьааллин Оьрсийчоь" партин тептаран коьрте ваькххина Нохчийчохь регионан кхин векал. Иза ву Нохчийчоьнан цIарах Пачхьалкхан Думан депутат волу Саралиев Шамсаил. Цул тIаьхьа бу цуьнан белхан накъостий Лечхаджиев Руслан а, Догаев Ахьмад а, цул тIаьхьа республикан премьер-министр Даудов Мохьмад а, цуьнан хьалхара гIовс Тумхаджиев Iийса а, администрацин куьйгалхо Таймасханов ГIалас а. Депутат Делимханов Адам Нохчийчуьрчу цхьана мандатан гонехь партин кандидат хилла дIахIоьттина.

**Керланаш**

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю